

Healthy Start  
ka ede w gen  
yon gwosès, yon  
bebe ak yon  
fanmi ki an sante!



Healthy Start se yon pwogram vizit adomisil gratis pou fanm ansent ak fanmi ki gen timoun jiska laj 3 an. Ou menm ak fanmi ou ka jwenn sipò youn a youn, edikasyon ak èd pou jwenn èd ou bezwen pou bay tibebe w la pi bon kòmansman posib nan lavi.

Jwenn plis enfòmasyon sou Healthy Start jodi a!

[healthystartflorida.com](http://healthystartflorida.com)



*N ap sèvi fanmi Florid yo pandan plis pase 25 ane.*

"Mwen pa konnen ki sa ki ta ka rive si mwen pa t gen okenn moun pou ede m... èd m te jwenn te fè tout bagay gen mwens strès. [Ajan Healthy Start mwen an] fè m anvi ale pi lwen nan lavi a e mwen vin plis detèmine pase anvan."

Kliyan Healthy Start



Se Depatman Sante ak ajans pou administrasyon swen sante ki finance pwogram Healthy Start Florid la.

2002 Old St. Augustine Road, Suite E-45  
Tallahassee, FL 32301  
850-999-6200



CHAK TIMOUN MERITE  
AN SANTE

## VIZIT ADOMISIL

- Jwenn sipò youn a youn lakay ou oswa yon lòt kote ki pratik
- Konte sou yon konseye amikal pandan tout gwosès ou ak apre tibebe w la fèt
- Jwenn sèvis ki fèt pou satisfè bezwen inik ou yo

## EDIKASYON AK SIPÒ PRENATAL

- Konprann chanjman nan kò w ak emosyon w pandan gwosès la
- Aprann kisa pou w atann pandan tranche ak akouchman
- Jwenn enfòmasyon sou manje, medikaman ak egzèsis ki ka bon oswa pa bon pou ou ak tibebe a
- Chèche konnen siy avètisman pou akouchman anvan lè

## TÈS GRATIS AK SÈVIS

- Fè tèst depistaj pou pwoblèm kouran fanm an sant ak nouvo fanmi yo souvan genyen
- Jwenn swen w bezwen an, (si w bezwen li) nan yon chita pale youn a youn
- Diminye strès ak enkyetid chak jou lè w sèvi ak konsèy ak zouti ki rekòmande
- Suiv epi sipòte devlopman ti bebe w la

## EDIKASYON PARANTAL AK SIPÒ

- Prepare pou tibebe w la vin lakay ou
- Jwenn konsèy sou fason pou w pran swen nouvo tibebe w la
- Aprann plis sou fason tibebe w la grandi epi devlope
- Chèche fason pou w kenbe tibebe w la an sekirite e an sante

## SWEN KOWÒDINASYON

- Jwenn èd pou jwenn swen sante prenatal ak swen pedyat
- Aprann konnen resous ak sèvis ki disponib nan kominote w la
- Konprann benefis Medicaid pou gwosès la—Healthy Start ap ede w nan sans sa
- Jwenn gwoup sipò ak kou

## SANTE AK BYENNÈT

- Jwenn sipò pou w resevwa swen sante w bezwen apre w fin akouche
- Planifye pou pwochen gwosès lè w aprann tout opsyon yo
- Konekte ak fòmasyon, edikasyon, gadri ak lòt resous k ap ede fanmi w k ap grandi



KONNEN SA W AP ATANN



PARAN POZITIF



PLANIFYE POU LAVNI